

FOUNITI POU TIBEBE AK TIMOUN



BMC HEALTHNET

Si w gen asirans BMC HealthNet ACO, ou gendwa pou jwenn 1 **chèz pou machin** pou chak timoun ki peze jiska 65 lbs, ou kapab mande sa lè w rele nan sèvis kliyantèl nan (888) 566-0010.

Asirans MassHealth BMC HealthNet bay anviwon 200 daypè **gratis** toubay fanmi ki te patisipe nan vizit ki dire 12 semèn oswa mwens aprè akouchman. Mande pedyat ou an pou li refere w nan pwogram sa a.

WELCOME BABY

Welcome Baby ofri yon **vizit selabasyon ki fèt adomisil ak yon sak kado** pou fanmi ki fenk gen tibebe yo. Vizitè Welcome Baby yo pataje enfòmasyon sou aktivite, resous, ak sèvis ki gen nan kominote a. www.familynurturing.org/programs/welcome-baby

SOLUTIONS AT WORK

Solutions at Work gen yon Bous Echanj Rad pou Timoun kote fanmi yo kapab fè echanj **rad, liv, ak founiti** dezyèm men pou pran sa ki nan laj timoun lan. Gen yon frè \$50 oswa \$25 pou peye chak ane ansanm ak 25 èdtan volontarya pou chak fanmi. Vizite: <https://bit.ly/2UkhwBw>

EAST END HOUSE

Pwogram Pwodwi premye Nesesite pou Tibebe nan East End House nan Cambridge bay **daypè, lèt an poud, pay pou lèt, ansanm ak jwèt**. Rele alavans nan (617) 876-4444 pou verifye kritè kalifikasyon pou pwogram lan.

Vizite: <http://eastendhouse.org/contact-us>

LANNIE'S NEIGHBORHOOD REZÈV POU DAYPÈ (DIAPER)

Lannie's Neighborhood Rezèv pou Daypè (Diaper) (<https://bit.ly/38C09o9>) bay **fanmi ki elijib epi ki gen timoun ki 3 lane oswa mwens yo daypè**, yon fwa pa mwa. W ap jwenn aplikasyon ak verifikasyon ki obligatwa yo la: <https://bit.ly/36sUOWv>

ABCD

Kèk biwo ABCD neighborhood ofri èd pou rad **annijans ak mèb** pou fanmi ki gen tibebe oswa jèn timoun epi ki fenk amemenaje nan yon nouvo kay. Rele nan (617) 348-6000 pou jwenn dènye enfòmasyon yo. Vizite: <https://bit.ly/2GUOENg>

Kowalisyon MASSACHUSETTS POU SANZABRI YO

Pwogram Kowalisyon Massachusetts pou Sanzabri **Yon Kabann pou Chak Timoun** bay fanmi yo ki nan bezwen kabann pou timoun yo. Vizite: www.abedforeverychild.org